



Pou Piblikasyon Imedya: 21/10/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 11.1 MILYON DOLA NAN FINANSMAN FEDERAL
POU MENDÈV POU PWOGRAM KOWÒDINASYON RESOUS POU ANDIKAP KI
ELAJI A ATRAVÈ ETA NEW YORK**

Pwogram lan k ap konekte moun ki gen andikap yo avèk travay pral sèvi plis pase 45,000 moun rive 2025 epi asire yon nivo sèvis ki pi konstan nan chak rejyon nan Eta a

Chanjman nan Sistèm New York ak Rezo Opòtinite Enklizif ki fèk kreye a pral gen ladan pwogram Kowòdonatè Resous pou Andikap ki Elaji a

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a yon angajman 11.1 milyon dola nan finansman sou devlopman mendèv federal la nan twa ane k ap vini yo pou elaji rezo reyisi Kowòdinatè Resous pou Andikap yo nan tout 33 zòn devlopman mendèv lokal yo ak pou pi byen sèvi moun ki gen andikap yo nan Sant Karyè Eta New York yo.

"Kounye a plis pase jamè, li enpòtan pou nou asire chak Nouyòkè nan New York jwenn sipò", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Yon eleman enpòtan nan rekiperasyon nou apre pandemi an se asire travayè ki gen tout kalite fòmasyon jwenn opòtinite travay. Mwen vle New York yon eta ki gen opòtinite ak espwa pou moun nan tout kalite klas sosyal, epi sa vle di nou dwe kontinye ogmante sipò pou moun ki gen andikap yo".

Anons jodi a, kreyasyon Chanjman nan Sistèm New York ak Rezo Opòtinite Enklizif (New York Systems Change and Inclusive Opportunities Network, NY SCION), vini pandan oktòb la, ke [Gouvènè a te deklare se Mwa Sansibilizasyon sou Travay pou Andikap.](#)

Ekspansyon an konstwi sou pwogram pase ke Inisyativ Travay pou Andikap federal la sipòte, ki te sèvi plis pase 31,000 moun depi 2010. Sibvansyon sa yo fèt pou ogmante kalite sèvis nou bay adilt ak jèn yo ki gen andikap.

Pandan sibvansyon anvan yo sou wout fini, Depatman Travay Eta New York la pral kontinye angajman li pou sèvi moun ki gen andikap yo atravè Eta New York gras ak yon nouvo pwogram pilòt sou twa ane. Pandan tan sa a, eta a ta dwe sèvi 45,000 moun anplis.

Komisè Depatman Travay Eta New York la, Roberta Reardon, te deklare, "COVID la te ouvri pòt pou chanje fondamantalman fason nou fè biznis nan Depatman Travay la. Nou dwe fè li ak plis efikasite epi pi byen satisfè bezwen tout moun k ap chèche travay yo. Diferans yo pa ta dwe fè ou pa ka jwenn travay. Nou dwe ogmante sansibilizasyon sou kontribisyon moun ki gen andikap yo kapab fè nan mendèv la ak fè travay yo se nòm lan olye eksepsyon".

Reprezantan Joe Morelle te deklare, "Nouyòkè tout kapasite merite jwenn aksè ak sipòte kalite ak resous yo bezwen pou mennen lavi ki sen ak gen karyè ki gratifyan. Mwen fyè dèske mwen te ede garanti finansman federal la pou pwoteje ak elaji pwogram esansyèl sa yo ke moun ki gen andikap yo konte sou yo. Mwen rekonesan pou Gouvènè Hochul ak angajman li pou ranfòse mendèv nou an, ankouraje yon kominote enklizif ak asire tout moun gen opòtinite pou reyisi".

Reprezantan Adriano Espaillat te deklare, "Mwen felisite Gouvènè Hochul nan anons jodi a pou distribiye finansman federal sa a ke mwen te ede garanti nan Kongrè a pou elaji plis rechèch ak resous sou andikap atravè Eta a. Mwen konfyan ke plis avantaj pou moun ki gen andikap yo pral afekte pozitivman distri ak kominote mwen an alantou vil la. Piske oktòb se Mwa Sansibilizasyon pou Travay pou Moun ki gen Andikap, angajman jodi a reyafime sipò ak efò nou pou asire resous pou moun andikape yo ak avantaj pou moun nan kominote nou an ki bezwen sipò nou kounye a plis ke jamè".

Anvan, anviwon mwatye nan 33 zòn mendèv lokal la te bay aksè dirèk ak yon Kowòdonatè Resous pou Moun Andikape. NY SCION pral finanse plasman yon Kowòdonatè Resous pou Moun Andikape nan chak Zòn Devlopman Mendèv Lokal ak plizyè pozisyon nan Vil New York. Wòl yo se pral amelyore ak sipòte rezilta anbochaj pou jèn ak adilt yo ki gen andikap ak pou etabli ak elaji patenarya ki pwofite resous yo atravè plizyè sistèm sèvis. Yo pral fòme pèsonèl yo nan eta a ak patnè yo nan pi bon pratik pou asire nivo sèvis ki koyeran atravè sistèm mendèv la ak nan chak sant karyè.

Kowòdonatè Resous pou Moun Andikape yo gen ladan:

- Ogmante enskripsyon jèn ak granmoun ki gen andikap yo - sa gen ladan Avantaj Sekirite Sosyal ak Moun ki gen Andikap Entèlektyèl ak/oswa Devlopman - nan sistèm Sant Karyè a atravè aktivite sansibilizasyon ak rekritman
- Bay konsèy sou avantaj yo ak sesyon konsèy sou ankourajman nan travay pou Benefisyè Sekirite Sosyal yo nan tranzisyon yo pou travay
- Ankouraje [Pwogram Tikè pou Ale Travay](#)
- Fòmalye Ekip Resous Entegre k ap apwoche zòn lan
- [Sitwèb Resous IRT](#) sa a te kreye nan Eta New York nan kad yon Pwojè Inisyativ Travay pou Moun Andikape presedan.
- Reyalize sansibilizasyon pou biznis yo
- Mete jèn ak adilt ki gen andikap yo nan eksperyans travay (sa vle di, estaj, fòmasyon nan travay, eksperyans travay dete, etc.)

- Plasman ak retansyon jèn ak adilt ki gen andikap nan fòmasyon sou konpetans okipasyonèl
- Plasman ak retansyon jèn ak adilt ki gen andikap nan travay konpetitif ak entegre

Anplis de sa, aktivite ki te fèt nan pwojè Inisyativ Anbochaj pou Moun Andikape anvan an pral ogmante ak elaji nan kad NY SCION lan. Aktivite sa yo gen ladan:

- Ekspozisyon sou Karyè ki gen ladan sesyon "Rankontre Anplwayè" kote jèn ak adilt yo eksplòre chemen karyè nan fabrikasyon avanse, swen sante, teknoloji enfòmasyon ak lòt endistri ki gen demann
- Aktivite anbochaj kote patisipan jèn ak adilt yo angaje nan entèvyou avèk reprezantan biznis, tankou modèl "Fwa Karyè Envèse"
- Antreprenarya, preparasyon karyè ak fòmasyon sou konesans finansye ak atelye

Patnè kle ki sipòte NY SCION an gen ladan Depatman Edikasyon Eta New York, Sèvis Karyè pou Adilt ak Edikasyon Kontinyèl-Reyabilitasyon Pwofesyonèl (ACCESS-VR) nan Eta New York, Biwo Sèvis pou Timoun ak Fanmi nan Eta New York, Komisyon pou Avèg nan Eta New York, Biwo Asistans Tanporè ak pou Andikap nan Eta New York ak kominote ak patnè san bi likratif yo atravè eta a.

###

Lòt nouvel disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)